

**Pembantoe sareng agen:**  
Priangan koelon, Bestuur Pasoendan Bogor.  
di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer.  
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoan dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Diitjiek di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

**Pembantoe sareng agen:**  
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Titamis.  
Diawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

**Redakteur:**  
SOETISNA SENDJAJA  
ATMAWINATA  
Redakteur di Batawi  
SOERADIRADJA.

**KARANGAN** adreana ka REDACTIE Heerenstraat 31.  
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimosloeweg No. 12 Tasikmalaja.

**Pangaos ADVERTENTIE:**  
Sakali moeat sadjadar sakolom 30 sen paling sacutik 10 djadjar sakolom. Dibajar ti patoco.  
Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasib. . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

## Moeka M. U. L. O. Pasoendan Tasikmalaja.

Geus teu koedoe ditjaritakeun deui, koemaha oesol asalna djeung koemaha ngamimitnana, pangusa Pasoendan tjabang Tasikmalaja ngadegkeun Mulo da poegoeh bedja geus mantjawaora.

Dina pe 8 Senen tanggal 2 Juli 1928, Pasoendan tjabang Tasikmalaja geus ngajakeun pesta moeka Mulo tea, di Galoenggoengweg No. 34 Tasikmalaja.

Ti djam 7 isok gambelan geus ngagoengkeun hae di djero pakarangan gureun sakola, baroedak moerid beunang draugdan geus ngagimboeng ngarioeng pada batoerna.

Gedong sakola dipapae koe roepa roepa dangdaonan djeung kekemangan.

Undangan-undangan ngalut teu aja kendatna, djata ti eta rea kolot kolotna baroedak moerid.

Tatamoe-tatameo bangsa Europa djeung bangsa Tiong Hwa oge katjida reana, nja kitoe deui Europ. djeung Inl. Bestuur Ambteuaren oge saroeumping, malah Kangdjeng Resident djeung Kangdjeng Bopati oge saroeumping ngaloeohan.

Ti samemehna pesta diboea oge, geus ngabroel hae serat serat djeung telegram ti djaoehna pada njaraiamtekuun ka Mulo Pasoendan.

Serat serat anoe katampa koe Bestuur Pasoendan Tasikmalaja ti: Directeur Onderwijs en Eeredienst. Onderdirecteur Departement Onderwijs en Eeredienst.

Secretaris Dept. Onderwijs en Eeredienst.

Chef Afd. Subsidie Onderwijs en Eeredienst.

Chef Afd. F. Departement O. en E. Inspecteur Mulo di Weltevreden.

Inspecteur Westersch lager onderwij.

Inspecteur Inl. onderwijs.

Drg. L. Beigina Bandoeng.

Drg. J. Scheltinga Weltevreden.

Drg. Proewita Trisua Parigi.

R. A. Soeria Karta Legawa, Kang djeng Bopati Garret.

R. A. Sastrawinata, Kangdjeng Bopati Tjamis.

Drg. Ko Kwat Tjiaw Tasikmalaja.

Drg. J. Hilderinks Weltevreden.

Drg. A. Mangoendiwira Bodjong.

Telegramen anoe katampi ti:

Djoeragan P. J. Gerke Weltevreden.

Drg. A. H. Syrier Tasikmalaja ti Bestuur Pasoendan tjabang Garret ti Kangdjeng toean Residen van den Bos (Madjoen) Drg. Sastraprawira (oud voorzitter Tjab. Pas. Tasik ti Poerwaktarta sareng Bestuur Volksonderwijs Garret

Djam 9 isok pesta mimiti diboea koe Drg. Ahmad Atmadja Voorzitter Pasoendan tjabang Tasikmalaja.

Ari saeja enjana mah—tjek Voorzitter—ieu Mulo teh tanggal 29 Juni oge geus diboea, tapi kakara bisa dipistakeun ajeuna. Djisim koering ngahatoerkeun noehoen ka sadajana anoe kersa saroeumping ngaloeohan ieu pesta, doepi kasasahan bestuur Pasoendan bajang ngajakeun ieu Mulo, parantos teu kedah didadarkoeun deui, doegi ka seuseut seuat pisan, nanging sakieu oge teu boeroeng ngaroepa. Tina kitoena djisim koering katjida noehoen ka sakoe anoe parantos kersa ngadendeul, koe djisim koering moal diwidji widji, roh ti kaum Pasoendan, boh ti kaum anoe sanes, nja kitoe deui ti Departement Onderwijs.

Inspecteur Onderwijs sareng Consultant B.N.S. parantos soemping ka dieu,

masihan bongholongan sareng mitoe-toer kedah koemaha ngatoerna.

Djisim koering moal poho nganoehoenkeun, ka anoe sami kerna djara di goeroena ti ieu Mulo nja kitoe deui ka toean J. L. Amerika.

Djisim koering moal poho poho kana djasana H. B. Pasoendan, anoe miloe hese tjape pikeun ngalaksanakann ieu pamakoedan.

Kabajaang dijisim koering, soepaja moerid moerid anoe dialadjar di ieu sakola, masing temeu wekel, saroe-hoed garetol dialadjarana sangkan ieu sakola bisa madjoe, seungit kembahngna ngeunah noehna.

Moegi agoeung tjoekeop loemoer, moegi lambat pangampoera, bilih rea kiranganana, kirang kahormatan, lah perijaksanaan, moegi kersa nawakep margi moeng sakieu tiasana.

Tjariosanana Drg. Ahmad Atmadja, djeuma koe Drg. Soeradiradja wakil H. B. Pasoendan ti Batawi.

Djisim koering ngawakilan H. B. Pasoendan, pikeun nembongkeun kabaghuha, reha Pasoendan tjabang Tasikmalaja, parantos tiasa ngalaksanakann pamakoedana ngajakeun Mulo di Tasikmalaja, nja eta anoe deui kabatoehna bangsa oerang sasiea.

Tju kinten handjakalna Drg. Otto Soerata Voorzitter H. B. Pasoendan henteu tiasa soemping ka dieu, djalaran rea anoe djadi wagalana.

H. B. Pasoendan katjida miloe atohna, tjabang Pasoendan Tasikmalaja bisa ngalaksanakann anoe geus djadi pauleukan ti babuula. L-in atoh lain agoel doemeh boga Mulo, tapi anoe djadi kaatohan teh, bisa ngadeudeul kana kaperloehana si-mah anoe rea, babakoehna pisan pikeun oerang priboeimi. Kapau pangadjaran teh anoe gele pisan gonana.

Da mapan anoe djadi hantja Pag. Pasoendan teh, djaba tina bab pol-tiek bagbagu ngahuejuk nagara, nab pangadjaran oge koeloe katjida pisan digelekeunana. Ari anoe dipambrih soepaja bangsa oerang, oerang priboeimi bisa satahapan djeung bangsa anoe sedjen. Koe pangadjaran sakola, koe roepa roepa biantara, taja deui anoe dimakoed soepaja bisa ngadeudeul pikeun kamadjoenanana bangsa katot lemah tjai.

Koe ngadegna Mulo Pasoendan oge djadi tanda jen Pag. Pasoendan teh hajang ngoedag kamadjoenan.

Mulo Pasoendan mako dadasar ka eropaan (Westersch) anoe dipambrih soepaja bangsa oerang priboeimi bisa njokotan pangartina djeung rasa atina oerang Europa, koedoe pangkitoena teh, da poegoeh ajeuna teh keur aja dina djaman eta. Tapi sabalikna di Mulo Pasoendan mah, sanadjan saba bae oge dikoeoedoeun njokot pangadjaran basa Soenda, soepaja bisa tembong kadjembaranana basa Soenda.

Oedagan Pag. Pasoendan anoe sanesna sedjabina tina bab pangadjaran di dieu henteu koedoe dibedjer beaskeun deui, sanadjan sawareh wareheun aja kenah anoe goreng sangka ka Pag. Pasoendan madjar rek ujieun revolutie.

Revolutie anoe dipimakoed koe Pag. Pasoendan, lain rek ngajakeun hoerue hara kariboetan, tapi soepaja bangsa priboeimi gantjang madjoena, tembong kadjembaranana anoe ngemponanana kana pamantana djaman, ngahoeuang moeljana bangsa, leupas tina kahinaan anoe teu merenah dina paalaman.

H. B. Pasoendan oge katjida nganoehoenkeunana ka sadajana anoe masihan pangdeudeul kana djadina ieu Mulo.

Kama-ljoenanana ieu Mulo, goeman-

toeng kana tanagana, goeroena, Pasoendan masrahkeun kapertjajaan anoe djaradi goeroena. Tapi sanadjan goeroena saroehoed oge, ari moerid moeridna meletjing mah, tangtoge moal pinanggih djeung kamadjoenan. Tina sabab eta disoehoenkeun pisan ka sadaja sepoehna moerid mantoe mantoe ngahuejuk sangkan aloes hselina.

Kdj. T. Resident Oost Priangan J. B. Hartelust njalmetkeun kana ngadegna Mulo Pasoendan di Tasikmalaja. Kakara ajeuna pisan aja pangoeohan bangsa priboeimi anoe ngabogaan Mulo sakieu hadena. Koering bisa ngarasakeun kana kaperloehanana anoe djadi bestuur Pasoendan samemeh ngadegkeun ieu Mulo, tapi koering jakui jen kaperloehan arandjeun teh naris aloes noehna.

Tjariosanana Kdj. J. B. Hartelust ditema koe Kdj. Dalem Tasikmalaja R. A. Wiratanoeningrat.

Oerang Tasikmalaja koedoe katjida atohna, koedoe katjida agoelna di Tasikmalaja bisa aja Mulo tjara di nagara anoe galeda. Koe satab eta koedoe pada ngarodjong koe sarerea. Koering Bopati Tasikmalaja, perloe nganoehoenkeun ka Pasoendan kalawan namina somah Tasikmalaja.

Moega moega Goesti Allah nangtajoengan kana hiroepna ieu Mulo, diteda pangdoengana ti sadaja djeung unedda ka Goesti Allah koe matja fatehah.

Ti diuja toeloj maratja fatehah.

Djoeragan Adjat Soedradjat, njebatkeun jen sanes moeng oerang Tasik bae anoe miloe atoh koe ajana Mulo teh, tapi oerang Tjamis oge katjida pisan marloe atohna teh.

Kalajan namina bapa moerid moerid anoe ti Tjamis djisim koering njang-jakeun kawiloedjeun kana ngadegna Mulo Pasoendan di Tasikmalaja. Koe oerang Tjamis parantos karas kabatonaan njakolakeun anak anakna ka anoe tarebih teh, kajaniung ka Batawi atanapi ka Bandoeng, eta teh kanteuan pisan henteu tjekap koe artos saeutik, ari aja Mulo di Tasik mah, manawi moal sakoemaha piengkoeunana. Moeng moega moega bae ieu Mulo teh pejah geledeog tjoesess.

Era temen koe pamojokna sedjen bangsa, maljar bangsa priboeimi mah tara aja katjebanana. Tapi ieu mah moega moega bae oelah nepi ka kadjadian anoe saroeapa kitoe. Anoe njarakolakeun ti Tjamis mah, nanggel pisan moal aja anoe lelewodeb.

Drg. Brinkman (Directeur Mulo Pasoendan), njebatkeun katjida noehoenana Pasoendan mere kapertjajaan masrahkeun ngaloeoegoean ieu Mulo ka djisim koering. Madjoena pangarti moerid teh, lain ngan koe tanagana goeroe goeroena bae, tapi kolot kolotna moerid oge koedoe nalingakeun pisan tina bab pangadjaran di imahna. Djaba ti kitoe, moerid moeridna oge koedoe katjida satiaua ka anoe djadi goeroena.

Drg. Kessels Voorzitter I. E. V. afd. Tasikmalaja, kalawan asmana pangoeohan ngahistoerkeun kawiloedjeun kana ngadegna Mulo Pasoendan di Tasikmalaja. Anoe baroetoeh koe Mulo teh, lain ngan oerang priboeimi bae, tapi oerang Indo Europeanen oge nja kitoe kenah bae, noehuen pisan ka Pasoendan parantos mere katonggaran ka baroedak Walanda ditampi djadi moerid di Mulo Pasoendan. Moega moega bae moerid moeridna ti ieu sakola engke djadi djalma anoe gede goenana dina hiroep koemboeh.

Drg. Yo tek Seng, kalawan namina gemeente Tiong Hwa di Tasikmalaja, njanggakeun kawiloedjeun kana ngadegna ieu Mulo. Lain ngan oerang priboeimi bae anoe boetoeh koe Mulo teh, tapi bangsa Tiong Hwa oge nja kitoe kenah bae. Malak mandar bae oerang Tiong Hwa tiasa ngadeudeul ka ieu Mulo teh. Koe oerang Tiong Hwa di Tasikmalaja karas karipue hanana njakolakeun baroedak ka anoe djaraoeh teh, tapi koe ngadegna Mulo Pasoendan, malak mandar bae bisa ngaloeungitkeun kaperloehan anoe tjikeneh ditjaritakeun.

Djoeragan Ahmad Atmadja nganoehoenkeun ka sakoe anoe ngawiloedjeunkeun, sareng njebatkeun ngawitau ti dinten ieu, Mulo Pasoendan ditoekeunna officieel.

Ti diuja toeloj ngiderkeun minoeman, koeweh koeweh sareng soerotoe, balaketjakan sempo goejon geroemoedjeung, hari dipirig koe sora gambelan anoe sukitoe halimpoena.

Geus rada beurang tatamoe tata. moe mimiti aja anoe maroelih, gambelan ditoelejeun ditabeuh hari toerwen kaeol ngibug saaja aja nepi ka poekoel satoe.

Verslagg. Sip.

ngadegna ieu Mulo. Lain ngan oerang priboeimi bae anoe boetoeh koe Mulo teh, tapi bangsa Tiong Hwa oge nja kitoe kenah bae. Malak mandar bae oerang Tiong Hwa tiasa ngadeudeul ka ieu Mulo teh. Koe oerang Tiong Hwa di Tasikmalaja karas karipue hanana njakolakeun baroedak ka anoe djaraoeh teh, tapi koe ngadegna Mulo Pasoendan, malak mandar bae bisa ngaloeungitkeun kaperloehan anoe tjikeneh ditjaritakeun.

Djoeragan Ahmad Atmadja nganoehoenkeun ka sakoe anoe ngawiloedjeunkeun, sareng njebatkeun ngawitau ti dinten ieu, Mulo Pasoendan ditoekeunna officieel.

Ti diuja toeloj ngiderkeun minoeman, koeweh koeweh sareng soerotoe, balaketjakan sempo goejon geroemoedjeung, hari dipirig koe sora gambelan anoe sukitoe halimpoena.

Geus rada beurang tatamoe tata. moe mimiti aja anoe maroelih, gambelan ditoelejeun ditabeuh hari toerwen kaeol ngibug saaja aja nepi ka poekoel satoe.

Verslagg. Sip.

## Pipetaeun, sangkan patali-na rajat djeung Pamarentah raket.

Mr. Dr. S. dina Soeloeh Rajat Indonesia, geus ngadadar perkara bewarana Pamarentah dina boelan Mei 1928. akal akalna sangkan rajat bisa raket djeung Pamarentah.

Jaja njeboetna soepaja prijadi teh ngagoeng ngagoeng maneh tjara ba heula.

Pamaugghina noe ngarang, moen kitoe, saroea djeung moenderkeun panon po 8 bae (moender) nja eta sangkan rajat tea mision ka menak: Toeh nepi ka kitoe daja oepajana mibajangan, moenggeh uoe djadi Pamarentah soepaja raket ngadjadi hiji.

Katara pisan jen wet alam arekna diroeksak, hajang tjata babuula bihari moenggeh uoe djadi pamarentah tapi lautaran ajana pangadjaran moenggoeh di bangsa oerang, rajat teh geus hoedag sarta geus njaho dikawadjaban djeung bakua sorangan, oenggal poe oenggal minggoe, mang-gih beulan tepoeng windoe, beuki djaoeh patjampeuna djeung tatangga lian nagara, beuki tambah noe baroga barti (intellectueel), diharga dirina prijadi.

Samaroek hajang, moelih ka djati moelang ka asal teh, beunang koe ngagoeng ngagoeng noe djadi menak uoe marantah.

Djaman ajeuna mah geus lain lainna deui, teu soeroep djeung waktoe, teu asoep ka drigama djaman ajeuna soemawon agama Islam mah.

Menak sius mere peurah ka somah. mere pangaroeh ka si lembot, siug nepi ka ueroet anoe, ngahormat ngadama dama nepi ka radja radjaca. diamana ajeuna.

Pamaugghig uoe tadi katjida sasarna, lantaran oerang sarerea geus pada njaho, reudjeung saeja enjana jen di oerang geus lila euweuh menak noe saujata njatana kapala noe satalakana, radja uoe sadjatina, anoe aboes kana galoeer pitoeter karoehoen, te-roesing ratoe rembesing koesoema tea.

Kapala kapala anoe bisa micoe ngarasakeun kana kasoesahna somah anoe laleutik sarta reudjeung pangharapanana somah koemaha nepikeunana sangkan lakanana panedana tea, kapala kapala anoe kitoe ajeuna geus teu aja.

Kapala kapala anoe nganggap ata-

## Ti pipir hawoe

Njaah doelang.  
Boedak anoe diogo pisan koe bapana ditanja: „Djang, Atjep, . . . hajang sakola teh ka sakola naon?”  
Djawab boedak: „hajang ka H. I. S.”

Tjeuk bapans: „Naha bet hajang ka H. I. S.?”  
Djawabna: „Eta hae Oedjang mah resap, di H. I. S. mah rea pakantjina.”

Bapana ngomong deui: „Komo Djang, lamoen goeroena ditambah koe oerang Tiong Hwa mah deui, heuki rea pakantjina. Lah koe bisa milih ari si Oedjang!”

Gelenoe.

wa ngabargaan ka somahan, jen eta teh, mahiex anoe buri pikiran kalawan pamilih (anoe teu nganggap sato atawa mesin) eta oge pon kitoe kenah, geus euweuh dikitoeun.

Pikeun ngaganti kapala priboeimi iseli, ajeuna geus diganti koe bae „ambteenaar” nja eta parobot pamarentah asing, anoe digawena tea, kalawan nama semah babakoehna pikeun kaontoengan ki semah tea anoe datangna ka dieu njeredkeun (njedekkeun) kahiroepanana oerang priboeimi.

Geus tangtue pisan eta „ambteenaar” teh teu bisaha, djeung teu meunangna bari mikanjah ka bangsana djeung saamaua, ngoeroeskeun kepentingan Rajat.

Ieu teh lautaranana koe ngingetkeun kana hal tadi, soepaja oelah patonggong tonggong djeung kapalaja doenoengan, da lamoen teu kitoe matak djadi moelna lambat lamboet ngadjadi doenoengan.

Memang pikeun anoe djadi doenoengan mah kitoena teh teu goreng goreng teuing, ngan hal ngoeroes ka-pentingan rajat tea mah eta mah perkara nomor doea.

Koe lautaran kapala kapala tea, teu bisa ngamadjoekun atawa nja-dikeun geusan kamadjoenan Rajat, atawa soepaja djadi aloehna Rajat, malah ari saenjana mah nahan soepaja Rajat oelah sina madjoe kahiroepanana djadi sanajan gaduh digedean oge, pakean kahasaran (kostim) dijagoeng agoeung deui oge, Rajat te-tep maiah oenggal poe, nambahan katjoeuna, nonggongna teh ka eta sabagian kaom terpeladjar priboeimi teh.

Malah malah Rajat teh kapertjajaanana, masrahkeun kapentinganaan teh, reudjeung goembirana deui, pin-dah ka pihak sedjen, anoe geus boga tapak, wau ngabelu kaperloean Nagara djeung bangsana, reudjeung teu ngingetkeun kana badana sorangan malah malah malah lain beak deng-kak deui tapi reudjeung karogian barang oeng.

Ieu bebeneran teh lain ngan omong tamba mingjong (theorie) bae, tapi oenggal p-8 kapanggih dina prakua. Geura tjontona:

Dina mimiti boelan Juni sawareh bestuur Studieclub baharengan djeung Professor Beke, indit ka hiji tempat rek laladjo koemaha patjarianana noe matoeh di diuja, lantaran kahiroepanana tina karadjanan oerang di-tja hae.

Maksodna ngadjeudjeug ka diuja, taja lian ngan rek ngamadjoekun pitoekangan djeung karadjanan oerang priboeimi, soepaja tamrah tamrah hasilna sarta ahirna tamrah kasanto-saanana Rajat.

Kapala kapala anoe nganggap ata-

(\*)

Saperti Pandoe, sja doea prijadi anoe miloe mingka djadi panodoe djalat, atoh teu woedoe dina ngalalajanaana mah, eta doea noe nganteur teh.

Tapi naha ari geus sawatara p e datang oetoesan eta patoekangan patoekangan teh ka Voorzitter Studieclub njaritakeun kahandjakalanaana, lantaran waktos dilaladjoan tea, teu uerangkoeun anoe saenja enjana, lantaran disangka noe narioguli teh miloe ka 2 ambtenaar noe rek mariksa.

Ari djeung antenar tea geus narah bosen, lantaran geus kaloeangan didatangan koe noe kitoe teh b hla bae, saperti naek padeg, atawa mere atoran noe salah djat,

Toeloejna eta oetoesan patoekangan tea njoehoeunkeun soepaja soemping deui ningali tapi — oelah mawa ambtenaar tea.

Lamoen kitoe bisa nerangkoeun sabalakana da pertjaja, hal hal noe aloes keur ngarobahna atawa ngomean eta oesaha.

Malah ditimpikan njoehoeunkeun pitoeloeung bestuur Studieclub.

Tjonto sedjen, sja kadjadian anoe matak narik eti sar-rea geura kieu.

Dina hal noe penting, h-jaung kanyahoan koemaha pikiran Rajat. Kapalana tina ambtenaar ambtenaar bangsa Priboemi, menta toeloeung ka pihak Studieclub, lantaran eta gegeuden tea, geus kaloeangan, lamoen di piwarang mariksa hal teh, beubeunanganana sok noerokteun pahamana eta ambtenaar sorangan bae. Djadi koe eta "kapala" sorangan geus di terangkoeun reuggangana Pamarentah djeung Rajat.

Lamoen enja Pamarentah, mikarep kana dipertjaja koe Rajat, noeloeung djeung noengtoen kana kasantosaanana, geura hormat atoran atoran kamadjoan oerang priboemi oemnem.

Pamarentah, koedoe ngahargaan ka panoeingtoen Rajat sadjati, barempoeug djeung maranehanana, lantaran ketjap prijadi teh geus kaandih koe eta, har ti kapala baheula teh njana di eta pamingpin, ari noe ajeuna dijajal-eitan diatelaan, dikantjangan W. tea mah nja ambtenaar tea ngaranna.

Ari ambtenaar tea, nja eta anoe pawana ngalaksanakeun kabajaung noe kawasa ari noe kawasa tea semah.

Dina ngadjalankeunana gawe, djaba sok salah paham teh, moal bisa pikeun noe ngabawah mah moekakeun djalat pikeun bagdjana Rajat Lawabanaana tea.

Teu koedoe ditoeingtoen deui hajang balik deui kana soegih m ekti beurat beungbar tjara baheula bhari disemabah didama dama teh, abirna bakal njarang panjempad.

Kitoe pahamana Mr. Dr. S. teh, dina S. R. I 20 Juni, ana seug oerang mapaj latjak anoe ti heula, alam djalma teu njaho dibasa "Rajat" de moerata, malah kakara "saulog djalat kareta api Bogor Bandoeng oge, moen dipedar koemaha "Rajat" harita diparentahna, dianggap henteuna djelema, sja njarita kolot kolot djaman eta, tangtos rea anoe kaget.

Rea anoe ngatirigidik, njeotot meudjeunna "Rajat" hoelang, lain bae asoep kana paribasa, sireum oge . . . . . tapi tjatjing anoe teu bisa njawit soemawon matjak, ari dilantem ditintjak mah moerilit. Komo ari djelema mah, sanadjan teu kapandjangan sifat manoesa, anoe boga kanyari kapurih, kaera kawirang anoe anoe sabab kabita koe kadjenengan ajeuna mah bisa ngabedekeun. saba radja, naon harti topati kiwari.

Naon sababna ajeuna ari nopati ka district tara mendoeug dipajoengau. oepatjara tara papag djadjap.

Naha "ambtenaar" tara make pejtji nodas salawasna, saeukoer dina "Tjap Gome" ari di agoeng agoeng deui mah.

Naha oenitga, basana "Rajat" ka noe make atela, ka noe make kantjing letter W, ngadegdeg Rajat moen neulen noe kitoe, reuwassun sieueuneu? Ti mana djoina eta bae kitoe.

Naha Pamarentah oenitga, jeb "ambtenaar" ngau moal toeros tjadoe ka anak intjoena, djadi "ambtenaar" deui tjara bapana.

Naha kira kirana senangeun, somah loerah, atawa sing saba bae Rajat noe didatangan koe "ambtenaar" ka imahna.

Loerah loerah ge ngarahoeun, bisa balaka moen ditauja ari kaandjangan "menak".

Koemaha ari baheula, Rajat di

djalat noe wani make taroempah, doedoekoer?

Koemaha baloekarna Rajat baheula anoe wani boga pamadjan tegep, atawa geulis, atawa antenar handap noe wani boga lakoe kitoe?

Pidjawabeunna naha, Rajat mah njahoenu, malah ngarandapau, bisa ngabasakeun malah njaritakeun pisan.

Sanadjan wet negara teu njaho ge, kapau mimitina mah nja bebedja teh ka loerah Tjamat Wadana, tapi koemaha baloekarna?

Lain djoerokoeun diwerkeun, anggoer disidem, ana heug teh deudheusna sakitoe euangpna, lantaran kuestos ngajoeunkeun kana katjoea ka ngewa, "ambtenaar persoonlijk".

"Nja ka mana lusa atoh, nja ka . . . . Pamingpin, paucengtjen, tampolana mih keneb ka toekang koeda Besar bakan ka "ambtenaar" poerahna, da nja moerah, nja laloesa, nja gantjaug.

Rajat beurat teuing majer padjeg. Ka saha bebedjaan?

Noe geus kaloeangan, bebedja ka noe diseboet n e wadji, tara boga beboekan, nja ka sing saba noe pi bisaeun menerkeun noedoehkeun, tjara djalma toekang koeda tadi, ka sasaka "pagoejoeun".

Koemaha tjarek "ambtenaar" wakil Pamarentah tea, lamoen laksana pamenerkeunana, lain ditarimakeun lantaran dilantoeun ngeroeskeun gawena, anggoer njarekun "pokrol bamboe" sagna roepu, di kamarna mah.

Djadi sakali deui, koe lantaran geus kapanggih teh, boh tara hasil, boh sok diteuingteuingunan. boh didielekan, Rajat, noe beunte, mentana toeloeung moal ka noe diseboet kitoe, kunoce enja tjitana ka Rajat, ngab-lana ka noe budo koma ka anoe geus legok tapak genteng kadek, tanggoeh dina gempoeungan rioangan.

Komo ari anoe nja bisa, nja boga tite Mr. Dr. Ir., leuwih dina sagalana, kandel kapertjajaan, moekakeun kapanaasranana, kadjeun roegi, dapon basil, bisa mindunjan risina, meungpeukan badeurna si Rajat dina kai-reugan katalaengeuhanana.

**Multatuli.**

Bangsa oerang anoe geus ngambah sakola loehoer atawa sakola pertenggelian, rea anoe geus maratja boekoe Max Havelaar karanganana Multatuli koe sabab eta karangan Havelaar noe sakola satalen oge naon salahrna njaho kana pondokna lalakon Multatuli, malah mandar pikeun djadi pangeing ngeling djeung pangwoewoh kana katjataan ka bangsa katoet ka lemah tjaina.

Multatuli teh hidji ngaran samaran ti hidji boedjaugga, ahli ngarang anoe geus kamahoeur ka awon-awon kawentar kamana mana. Ari ketjap Multatuli teh lain meunang njokot tina basa Walanda, tapi basa Latin; deui hartina dina basa Walanda: ik heb gedragen, piseondaeunana kira kira: koering ngarasa atawa koering panggoeug.

Kana ieu ngaran oerang Soenda at. oerang Indonesia oelah rek mopohokeun, wadji njaho djeung ngingetkeun, malah badena mah koedoe dieokir dina beuai, soepaja djadi pangeing ngeling ka oerang rea, sabab rea pisan djas Multatuli pikeun kaom Marhaen. Oerang koedoe soedjoed soekoer ka Goesti Noe Agoeng, rehing Goesti Allah noe Kawasa geus noeroenkeun Multatuli ka tanah Pasoendan djeung Sumatra, nja eta dina taon 1838.

Goemelarna di doenja Multatuli teh dina taon 1820-1837. Dina waktos eta koe oerang Walanda anoe baroga kamanoesan, karangan karangan Multatuli teh dipoejdi sarta diendahkeun kabina bina. Tapi sabalikna koe kaom anoe harawek, noe kokoro manggih moeloe, disareboetna oge Multatuli teh hidji djelema anoe teu djedjeg, bakating koe teu resep ka noe goemela ka Marhaen.

Dina kakasib anoe sabenerna nja eta djoeragan Eduard Douwe Dekker. Dina joeswa 18 taon, andjeunna ka Indonesia, ujepong damel di B.B.

17 taon andjeunna djadi Controleur di Natal (Sumatra), ngalih ka Padang, ka Ambon djeung panoeingtoenganana ngalih deui djadi Assistant Besident di adeling Lebak (Rangkabitoeng, Banten).

Dina waktos andjeunna keur aja di Indonesia, teu petot petot ngabandoengan tina hal kaajaan Marhaen, koe sabab eta andjeunna tingali pisan,

sarta mindeng njaksian koemaha penta djoeragan djoeragan kawasa nagara ngagentjerna malah nepi ka njaksana ka kaom Haen.

Noemoetkeun boekoe Max Havelaar dina djaman harita kaajaan pamarentahan at. kaajaan nagara, lamoen dibanding djeung kaajaan ajeuna, bennang diseboet badana teh lir oepuna padati djeung mobil. Dina djaman eta mah, djaman menak moerba, sawenang wenang, menak manoeok, tjatjah tjatjing teh lain babasaan.

Anoe enak enak keur menak, noe denok denok noe menak. Aja noe wani baheula saeutik digetrak tarangan. wani leuwih ti kitoe koe beleng koe djeung belok. Soemawonna ari taplek. talipak, tadjong mah marema salawasna. Dina waktos harita bangsa Haen teh dimata menak geus lain djalma, diangganna sami sareng binstang bae.

Kana kaajaan anoe tjara kitoe, manulna Djoeragan E. D. Dekker katjida teu panoeingtoenana, margi andjeunna mah dina waktos harita geus kapandjangan kamanoesan anoe sadjati, kugoengan tabeat njah ka noe nalarat, asih ka noe leutik. K e saba eta andjeunna sataka teka, ngadjalankeun ihtiar, ngakalan koe nuha sakonna sagala gentje-tan. pere san, siksana ka si leutik bisa leungit.

Henteu oenggoet kalindoeun atawa gedag kaanginan, Djoer. E. D. Dekker enggoning ngadjalankeun tjita tjitana pikeun melaan anoe leutik; teuk babasaan tea mah; toenggoel diparoeud tjatung diroempak, tapi teu tinggal pamilih, mangkaning pamilih a oe pinoech koe panemo. Mapan kiwari boekti, saketjap ketjapna njata. sapa bener, sapa salah! Tapi dina waktos harita mah taja noe ngabenerkeun sueroeng ge, nepi ka remen pisan andjeunna patjogregan djeung ch-fna.

Waktos andjeunna di Natal djadi Controleur, koengsi dil-pas lantaran bantrok djeung Toean Gouverneur di Padang.

Waktos andjeunna di A. R. di Rangkas Bitoeng, dek deui pasesa djeung Toean Resident Banten, anoe djadi lantaran, nja eta Regent Lebak katjida t-uing ngaranna si leutik. Koe sabab eta andjeunna moerodoet liren, teroes moelik ka nagara Walanda, Anoe djadi k-ngdjeng Besar dina waktos eta G. G. Duymaer van Twist.

Di nagara Walanda andjeunna teu tjalik tjalik, senang senang pelesir, tjara noe arajuna dimana maroeliah at. verlot, tapi teu reuren ihtiar neang-n kaad-an, pikeun melaan bangsa Marhaen, ari oerang ditoe (nagri) saerang oge teu aja noe dnoe ngahaminan, malah anggoer rea noe ngorewa ka Djoer. E. D. Dekker teh.

Tidinya nja andjeunna ngadamelan boekoe boekoe anoe eusina nerangkeun kasalahan kasalahan djeung ka-koeranganana pamarentah di Indonesia. Ti harita Multatuli teh mimiti djadi hidji toekang ngarang anoe mahoeur pisan, sabab rea karanganana anoe djarero, sareukeut sarta balener.

Anoe panekatjeloeuna karanganana teh, nja eta anoe diaranana: Max Havelaar, didjere eta boekoe diterangkeun hal kaajaan di Tanah Indonesia anoe sabenerna.

Koe goemelarna eta boekoe di nagara Walanda djeung Indonesia gentjong, sabab rea rasiah rasiah anoe kaloeke.

Ka Radja Willem III, dina boekoe Max Havelaar aja pioendjoek Multatuli (Anoe djoemeneng radja di nagara Walanda dina waktos harita nja Radja Willem III, ramana Kangdjeng Radja Wilhelmina), kieu oenina: "Aan u draag ik mijn boek op, Willem de derde, Koning, Groothertog, Prins . . . . meer dan Prius. Gr othertog en Koning . . . . . Keizer van het prachtig rijk van Insulinde, dat daar slingert om den evenaar, als een gordel van smaragd. Aan U vraag ik met vertrouwen, of het uw keizerlijk wil is: dat de Havelaars worden bespat door den modder van Slijneringen en Drogstoppels en dat daar ginds uw meer dan dertig milioenen onderdanen worden mishandeld en uitgezoegen in uw naam?" Piseondaeunana kira kira kieu:

Kapangkon Sri Padoeka Kangdjeng Radja abdi Goesti, kapajoenan Kangdjeng Radja Willem III, Radja, Groothertog, Prins . . . . . agoeng tibatan Prins, Groothertog sareng Radja . . . . . Keizer ti karadjaan

Insulinde (Indonesia R. k.) noe endah, anoe ngampur ngoerilingau goerat tengah boemi (chatoe'lis'riwa), lir oepama hidji wangung inten widoeri Kapangkon Kangdjeng Radja abdi Goesti toemaros disarengan koe hate wening, naha koemaha, kapalaj Dampal Goesti, abdi abdi Goesti diditoe (di Indonesia) noe langkoeng ti tiloe poeloech joeta djiwa, dikaja kaja sareng digentjet (diperes), kalawan djenengan Dampal Goesti?"

Sanggeus kaloeur boekoe Max Havelaar, nja ti harita aja perobahan pamarentahan di Indonesia. Tah kitoe pondokna lalakon Multatuli.

Djaman baheula di Karesidean Semarang aja patjeklik bangt, rea pisan djelema djelema anoe katalang-sara koe hal eta. Koe Multatuli eta kadjadian kitoe teh toeloej dikarang di boekoekeun didjieuu sair anoe aloes pisan, didjoelan, ludangna di dermakeun ka sakoer noe meunang bahja di Samarang tea.

Eta kadjadian anoe didadarkeun diloehoer pohara anehna, Djoer. Multatuli teh hidji oerang Walanda, naha bet kapandjangan njah njah teuing ka bangsa oerang, anoe harita keur dikekejek didjieuu toetoe, (di gegal boedjoerna diketjrok ho-loena).

Tah eta sab bna noe watak koe oerang oelah dipohokeun.

Aja deui noe koedoe diingetkeun teh, aja eta anoe katjida neungteui ngaranna ka kaom Haen. Sanadjan iroengna singset, teu pilih boeoe, koedoe dieokir dina ati anoe welas ka Marhaen.

**Raksakalana.**

**Pagoejoean Kaweningan Hate djeung Politiek.**

Geus rea anoe njaho jen di Bandoeng aja hidji pagoejoean anoe make ngaran "Kaweningan Hate", nja eta hidji pagoejoean anoe dia-degkeun koe sawatara para nonoman oerang Banten noe aja di Bandoeng.

Maksloedna ieu pagoejoean teh, djaba ti ngaraketkeun doedoeloeran pada pada oerang Banten, oge silih toeloeungan dina sagala kasoesahan anoe lain dilandja, babakoena pisan tina bab kapapatanan.

Kadjoeroeng koe oesoem kalawa koe mangsa, jen dina djaman ajeuna mah koe sarerea oge karasa, oerang Indonesia perloe soeojoeun njar-og kana kapoelitan.

Nja kitoe deui pagoejoean Kaweningan Hate oge, emboeng tingg'eun koe pag ejoeban pag ejoeban anoe sedjen tina bab kapoelitan teh.

Dina p-8 Djoemah tanggal 29 Juni 1928, pagoejoean K. H. geus ngajakeun vergadering tempatna di Indonesische Clubhuis di Poengkoerweg Bandoeng.

Reana anoe daratang kana eta vergadering, meunang diseboetkeun meudjeunna bae.

Djam 9.30 vergadering mimiti di boeka koe anoe djadi Voorzitterna Drg. Achmad Zoehra.

Boeboekna vergadering sakoemaha biasa bae, nganoehoeun ka anoe dar-tang, sarta satoeloeun njaritakeun maksloedna pangua ngajakeun vergadering teh.

Ieu vergadering teh, ari sa-nja enjana mah vergad-ring loer biasa, anoe lain dina koedoe, tapi koe sabab aja pamentana sawatara ledan, menta soepaja ngajakeun ieu vergadering, anoe tanotos tea koe bestour koedoe dilaksanakeunana, nja ajeuna boektina.

Voorzitter katjida pisan mangh ndjakalkeunana, doemeh K. H. dikantoen ngalih koe Drg. Djoedje Satjadidja sareng Drg. Atje Salmoen anoe gede pisan djasanya ka pagoejoe-ban. Pikeun pangeling ngeling ti pagoejoean K. H. ka eta doea dj-eragan, koe K. H. dibere tanda maha koe penning perak pikeun gagantel erlodji, anoe modelna bareto geus ditangtoeun koe vergadering.

Voorzitter nepikeun salamna ti Drg. Saepi oeroet hid K. H. anoe dipindahkeun ti Bandoeng.

Secretaris K. H. Drg. Nitiwidjaja matja notulen vergadering anoe kadjadian dina tanggal 19 Februar 1928. Eta notulen koe vergadering dianggap tjoekeop pisan teu aja tjawadeunana.

Voorzitter matja soerat anoe ditanda koe 14 ledan, anoe maksloedna soepaja K. H. miloe oeloebioeng kana bab politiek.

Voorzitter menta timbanganana sakoer noe aja dina eta vergadering. Drg. Daruakoesoemah ngarasa

hariwang lamoen K. H. ngudjalankeun politiek bisu matak pahentar djeung pagoejoean politiek anoe ajeuna geus aja.

Drg. Djajakoesoemah ngarasa perloe K. H. miloe mikiran kana djalauna politiek, sandjan henteu prak ngaj-keun actie koe sorangan tapi bisa mere bongbolongan (regevens) ka pagoejoean pagoejoean politiek anoe ajeuna geus aja, keusan kaperloeunana somah djeung tanah Banten. Ngan oerang Banten anoe leuwih njaho tina hal kaajaanana di Banten. Koe sabab eta, perloe pisan aja perloeboengan djeung oerang Banten noe aja di Banten, soepaja bisa mere katrangan katerangan anoe tjoekeop, anoe koedoe diolahkeun koe oerang, kamana koedoe ditepikeunana.

Drg. Ahen nerangkoeun jen di Banten teu aja pagoejoean B. O. atawa Pag. Pasoendan anoe buris pibis eun nembongkeun tjita-titina anoe djadi somah. Soepaja di Banten bisa aja politieke yereeninging kajaning Pag. Pasoendan atawa B. O. teu aja deui anoe koeloe oesaha kadjaba ti oerang Bantenna sorangan. Ari kaperloeunana soepaja bisa digawe habarengun digawe djeung politieke partijen atawa djeung bangsa Indonesia anoe sejen.

Drg. Sastra di Pradja nadeudeul kana tjariosunna Drg. Ahen.

Drg. Daruakoesoemah keukeuh ngarasa tj-ntjaja, lamoen K. H. djadi pagoejoean politiek, bisu matak djadi ngatugi bagikeun tanaga. Ajeuna kabeneran pisan "aja Drg. Bakrie hid II. B. Pasoendan, soegan bisa mere katerangan bisa henteunna di Banten dujangan tjabang Pag. Pasoendan.

Drg. Bakrie njaritakeun tina bab ieu asa kasabit sabit katjwit kagel, kabawa duging, tina kitoena katjida noehoeunna ajeuna aja patarosan anoe saroepti kitoe. Oepuna henteu silih sawatara toelan ka toekang Pas. Pasoendan geus meunang beija, jen dina kalangan K. H. geus aja 1 Comite anoe maksloedna caris meran djalat ka Pag. Pasoendan soepaja bisa njieuu propaganda di tanah Banten pikeun ngadegkeun Pag. Pasoendan. Tapi katjida ngarasa hawdjakalna, maksloed Comite anoe sakitoe aloesia teh, ngau aja dina lalamoeunan bae.

Pag. Pasoendan katjida boengahna, malah katjida ngarep ngarepna pangdeudeul ti K. H. soepaja K. H. bisa meran djalat ka Pag. Pasoendan soepaja bisa ng-jakeun propaganda. Padahal oepama tadina enjukan mah, ha-ang ngalaksanakeun maksloed anoe sakitoe hadem, asa moel matak sakitoe hadem ngar-phekeunana, pilakadar ngan mere pitempteanana, ngandangan djeung nangtoekeun waktosna ngajakeun propaganda vergadering tea. Irala bae waktosna koedoe ngajakeun propaganda vergadering, Pag. Pasoendan tangtoe njanggoapanana.

Drg. Napsiah ner-ngkeun jen pikeun kaperloeunana somah djeung tanah Banten, oerang koedoe ngahidji djeung pagoejoean-pagoejoean politiek anoe ajeuna geus aja, oepuna bae Pag. Pasoendan, sakoerang keur-angna oerang koedoe ngadendul sarta mere roepa roepa kateranganana.

Tidinya toeloej debat, ngadoekeun papuhunan djeung loeang, ari toeng-toengna mah distem.

Poetoesanana K. H. baris ngajakeun politieke partij sorangan, ari ngadjalankeun actiena make djalat pagoejoean politiek anoe sedjen, tapi henteu dit-ngtoekeun pagoejoean politiek anoe mana, perkara ieu noeroetkeun koemaha perloeana bae. Ari pingaraneunna ieu pagoejoean anjar teh, pikeun saheulaanaan mah K. H. bae.

Ari anoe baris dipigawe koe ieu pagoejoean teh, bab-koena pisan mah ngempoekeun katerangan katerangan tea, anoe baris direpikoeun ka pagoejoean politiek anoe sedjen. Tapi lamoen sakira bisa di-jalankeun koe K. H. sorangan, baris didjalankeun koe K. H. bae.

Toetoeup ieu toeloej. milih, bestuur pikeun saheulanaan an anoe kapilih, tja eta :

Voorzitter Drg. Djajakoesoemah Secretaris Drg. Sastra di Pradja Penningmeesteres Drg. Napsiah Commissarissen Drg. Lamri djeung Drg. Padma.

Adviseur Drg. Daruakoesoemah. Djam 1,30 vergadering ditoeetoe.

### TI Padoekoehan.

Santri: „Simkoering kamari miloe salak soemat, makawedna mangneda-keun seopaja hidji kafir, diham- poers dosana, dipandjangkeun oemoer- na, pendekna pandjang poendjoeng wilodjeng salalimna. Eta teh ka- lebet salat naon, noen?”

Kijai: Kaasoep kana salat djilat! Santri: Ari Eta, noe wani ngala- porkeun, tjarita uoe teu njata, tiba bedja ti sere atawa ti sapion, jadi henteu kaseksi koe dirina pribadi koemaha dina poe jamel kijamah?

Kijai: Eta noe boga gawe kitoe teh, meureun rasiah, disoempah? Santri: Kantunan, malah barang mimiti oge, njepeng gawe eta, di- soempah.

Kijai: Koe Malaikat, Moenkar, bakal didakwa soempah palsoe.

Kontak.

### Tjentini Soenda.

Sanae saorang sanes doean, doe- ka ari ratoesna atanapi reboena mah, oerang Soenda anoe panasaran ngara- os ganggaratenn, harojong geura oe- ninga samboengan tjaros Tjentini dina Poesaka Soenda, bet sihoreng nembe ajeuna laksanana teh, pedah parantos meh ngawoed- oed ngadjadi boekoe, ditjatak di kantor Tjitak „Paugharepan” Bandoeng. Anoe nemb- be boekti doea djilid, djilid ka 1 ka 2, maal lami deui bakal kasekar dji- lid ka tilobana.

Seueur ajeun parantos ngaos Tjentini dina Poesaka Soenda, teu laloes pedah pabarentjaj tea, malah ajeun keur katidji kapaksa katoenda, teu iaca toeloe nampil-keun kasono, ari ajeuna geus diboekekeun, mokaha nadjan bade digelang gaper oge, diaos diboeleang balik.

Koemaha ari samboenganana? Dina djilid ka II teh meh tiloe parapatna samboengan anoe mara- roendel, laloeher djarero tea, deui nja ieu anoe sok dikotektak disaroe- soel ka djaoehna tea, ari ieu ajeuna nembrak kantoen ngalarapkeun woeng- koel, jru kedah huse tjape deui.

Wartosna nitjakti seteu seueur, maal lepat moen teu enggal enggal moen- doet ti ajeuna teh, bakal beaueun.

Ari pesenna, oepami bade ngagaleuh kedah ka Drukkerij Paugharepan Bandoeng, atanapi ka Redaksi serat kabar Parimbon Goeroe Gang Parendeng No. . . . Bandoeng.

Dina basa Soenda mah nembe aja ki- tab elme anoe djero toer etjes, terang, nembrak tjara Tjentini Soenda. Beuki loehoer beuki terang beuki djero.

—o—

### Taal Cursus.

Ngawitan tg. 2 Juli Pagoeron pi- goeroebasaeun di Batawi geus diboeke- deui oerang Soenda noe ditampi kana eta Pagoeron ngan doean, doeanana kaloesaran H. K. S. nja eta Djoer. A. Soeadi Goeroe sakola Ambon di Mes- ter sareng Djoer. Satari goeroe H.I.S. Tjiamis

Kawasna eta noe doean diantjo- keun baris djadi goeroe basa di Kweekschool sareng Opleidingschool Bandoeng.

Katjila handjakalna oepami ngan oekoer doean, lantaran tetela Normaalschool kateler teler, padahal kaperloeanana teu beda ti Kweekschool kil-nghara ari saloehoereunana mah

Koemargi eta ari paugharepan oerang mah oelah doean H.K.S. anoe pidjadiedu pangoengtoen busa teh, tapi sakoerang koerangna koedoe limann, genapan deui, pikeun anggoeun di sakola Normal. Moega moega bae Departement van Onderwijs kerean ngamanah leres leres kana kajaannana sareng seteurna moerid di eta Pagoer- on.

Tjarosna lamina diadjar di eta Pagoeron ngan bakal sataoen, tapi oepami ngamoetkeun kaperloeanana noe djadi goeroe basa sareng uga- moetkeun pangajarannana anoe kedah dianggo ngawangoen goeroe basa anoe enja kawasna, ari sataoen mah ngan tiba mandi oraj, henteu lantis lantis atjan.

Henteu ngarepkeun ari bangsa oerang mah kana dipaparin goeroe Walanda anoe ngarantongan middel bare acte kaloesaran Erop, da lian ti theorie teh. oerang mah masih keneh, perloe boga goeroe anoe bisa djeung prakna, oelah peotpot tjara ajeuna.

Geura ari ajeuna mah, aja asak theoriina, henteu disada, atawa pegos; aja ngontirang disadana, theoriina lajoer mangkening doeanana djadi bahan anoe perloe pikeun kamadjoean oerang.

Koe margi eta padoehoeun teh, oelah kapalang tanggoeng ieu. bae Pa- goeron anoe ajeuna sataoen, toer moeridna kaloesaran H. K. S. didje- djogkeun tiloe taen sina bisa ngoe- dag theorie theorie sareng ambahan ambahan lianna ka Middellbare acte kaloesaran ngri.

Ari pandjangan mah perkara ieu Pagoeron sareng koemaha ngatoerna asa geus tjoekeop pisan, sakoemaha anoe geus disaoerkeun koe Djoeragan O. Soebrata di Volkraad.

### Tibalik boeta kasari.

Abong abong keur slam model, dja- man matak pikaheraneun, bet lanta- ran moerid ngedeol, moemoel sakola, goeroe bantoea didengta geura lau- model ari kitoe?

Meureun sarerea oge panasaran, palaj oeninga sajarahna, kieu tjari- osanana. Salah sahiji moerid sakola Tjipakoe district tjajengka, meun- tjing emboeng sakola, taja lian ngau- lantaran ngedeol koe bapana ditanja, naon sabana noe matak emboeng sakola, k. wasna neangan pikoleun ngarah oelah ditjarekan, rek ekol ge- ring da poegoh henteu, ana pok ugadjawab ka bapana mah emboeng sakola sok diteunggeul koe goeroe? Tjek bapana. „Diteunggeul koe na- on?”

Djawab buek: „Diteunggeul koe njere, djeung koe boekoe”.

Dina koempoelan desa, bapa boe- dak ngedeol tea njarita ka Tjamat, njeboetkeun jen anakna teu sakola, pedah diteunggeul koe goeroena, doeka koemaha panoeugtoerna. pa- g-warahna atawa menerkeunana noe djadi Tjamat harita, kawarna bae emboeng hese da eta djelema dina ngasoepeun perkelakuan.

Goeroe bantoe anoe ditoeding neung- geulan boedak, tina roemasa teu bo- ga dosa. ngadenge bedja manehna di- tabeuh dina koempoelan desa. lau- lalawora kagetonnana sarta tuenej mapaj kalangan ka Tjamat.

Barang geus silih, jen enja maneh- na ditoeding neunggeulan boedak, toeloej njeun soerat dawa dipasrah- keun ka katjamaan teu roemasa di- gogoreng ngaranna dibareupeun dje- ma loba.

Koe lantaran eta bedja, aja dina soerat kabar nja koeng: dipariksa, dinoektikeun koe Adj. Inspecteur djeung schoolepener ka sakola, di- tanjakeun ka moerid noe sedjen soe- gan aja noe djahoenu, tapi koe lanta- ran eta goeroe bantoe teu aja noe njahoenu boga lampah kitoe, nja teu kaboektian naon naon.

Djelema anoe njarita dina koem- poelan desa aroe tadi tea sanggeus ngadenge bedja jen goeroe bantoe teu boga dosa geuwat datang ka goeroe bantoe menta ampoen.

Tapi aneh katjida, dina hidji pre goeroe bantoe disaoer ka Landrecht toeloej dipariksa sarta dihoek- oem dengda f 10 (sapeleoh roepia), lan- taran dina proses-verbod: ti Tjamat disebotkeun jen goeroe bantoe moeng- kir.

Bae lantaran pasalia, ngalarapkeun djeung ngahartikeun ketjap moengkir tea, pang dihoekoem teh.

Dina paleh- h dien mah, lain moeng- kir, da euweuh boektias, euweuh saksina, ngan pangakoan boedak woengkoel.

Palehah mana samenwerkenna go- loergan B. B. djeung goeroe.

### Keradjinan di pasar tahoe- nan di Djokjakarta.

Barang barang jang akan dikirim- ken di pasar tabenan dan lagi jang soedah ditrima akan disebotken di bawah ini jaitoe jang paling bagoes sadja.

Tiker tiker dari poelau Bawean akau ditaroeh digolongan anjaman. Di golongan itoe akan didjoel tas tas dari tanah Padang, doos doos dari poelau Clebes seblah kidol dan bar- rang barang anjaman dari poelau Timor.

Romah pemeliharaan orang boeta di Djokjakarta akan berdiriken sate- roemah sendiri boeat tiker tiker dan sikat sikat pembikinannya orang orang boeta.

Roemah pendjara di Pekalongan.

A

**TAN JOE AN**  
**TOEKANG GIGI**  
Dimoeka Pasar Tasikmalaja.  
Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi. Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantas

**Preanger Chemicalien**  
**Handel**  
Telefoon No. 76.  
Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lamnja, Minoman, Seroetoe, Sigaret, Katjmata, Cutex, Bencilia, dan pekakas potret.

Para Djoeragan sareng saderek saderek pamaget istri.  
Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelem d  
**HOTEL SLAMET**  
**BANDOENG.**  
Kebondjatiweg 41  
angkat ti Station kinten 8 menit.  
Tarief Klas I f 2.— doean f 3.—  
„ II f 1.50 „ f 2.50  
santen vrij thee, eedjing endjing kenging kuffie soesoer eudog hajam sareng roti.  
Ieu Hotel kwetang ageung, pemandangan hegar, nganggo verdieping (batkon), rawatau beresib, lampoe electrisch, tjai lei- ding, djongos satia, gampil ang- kat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.  
Hormat noe ngadjeng ngadjeng  
**E. Carno**  
Eigenaar.

**Toko Boekoe**  
**TROMP DE HAAS**  
voorheen toko WEBER  
DJALAN STATION No 12. \* \* \* TELF. No 13.  
Sajagi roepi-roepi: Vulpen houder sarer g parabot sakola sareng Kantor Ngitjal pen- mas pikeun vulpen.

**Awas! Awas! Awas!**  
**„Djodo noe didago-dago”**  
Boekoe roman karanganana Djoer- ragan Bakrie Soeraatmadja tea, doegi ka ajeuna parantos langkoeng ti SA- REBOE boekoe anoe paresen.  
Koe margi eta, enggal pesen bilih kaboedjeng seëpeun.  
Noe ngadjeng-ngadjeng  
**Boekh. en Drukkerij Economy**  
t/o Postkantoor  
**BANDOENG.**  
N. B.  
Oepami parantos ngagaleuh ieu boekoe, po- ma oelah kaos koe moerangkalih.

**Toko OBAT G. M. SHEKH SAHIB**  
dari Hindoestan  
Pasarweg No. 32 Tjibidoeug Gede  
**TASIKMALAJA.**  
Dalem tiga boelan gratis (tida oesah bayar) bisa bikin baik penjakit saruoen (pawisir, ambe) dalam 2 minggu tanggoeng baik.  
Dengan bajaran bisa bikin sambuh penjakit apa sadja, seperti sakit kentjeng, syphilis (radjasinga), penjakit koelit, sakit asma (mengi), perempoean kotonan koerang baik dan segala roepa penjakit jang lain lain. Semoea djadi baik zonder operatie.

**TOKO**  
**NIC MULLER**  
Goenoengladoe 15 Telepon No. 26  
**TASIKMALAJA.**  
SAGALA LANDONG SAJAGI.  
Oepami moendoet prijakoran ke- nging pry.  
Anoe parantos kenal di toko ke- nging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal.  
Sajagi: Veroandrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe teub ti dokter atanapi ti roemah sakit.  
Pohara perloe disajagikeun di desa.  
kabar djeung atoerannu kenging di toko.

**Kleermaker M. SOEKARDI**  
Gang Bruijns & Thijssen No. 8.  
**BANDOENG.**  
Trima pekerajaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Tje- an toean moeriet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga leuh me- rah. Snelah dapet soerat pedjan- an dari Rekest Paudeglang.  
**Djoega ada sedia roepa roepa kaen.**

Pangaoe compleet moeng 12.50 f 1.—  
Sajagi: PAINKILLER (landong sar- riboe koena) anoe tiasa di- dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngosok salira.  
Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep rakoekuan, sampung badjoe s. n. k.  
Sajagi: Sagala landong Patent sareng sagala landong noe saues.  
Pangaoe tjotjog pisan.  
Sajagi: Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pendekna ka perloeun toilet istri sareng pamaget.  
Sajagi: Sesepun sareng guel-guela. Mengga tinggian ka loko, di tampl sareng kawewingan hato.  
Noe ngantos  
**NIC MULLER.**

**Schoonmakerij en Kleermakerij**  
„Malah Mandar”  
Stationsweg 21 Tasikmalaja.  
Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi rakoekuan anggo- eun pamaget atanapi moerangkalih mo- delna tiasa moetkeun sakoemaha ka- palaj, sareng disajagikeun roepi-roepi la- wonna.  
Oge njalagan alop-alop, sendal-senda spatne-spatos ketos oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boelodrooe noe kasar sareng noe sas.  
Hoermatna noe ngantos pesenan poen  
**O. Sasmita.**

